



# Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH)

Membre de la  
**fidh**

*Kafoufèy, Site Solèy ak Bèlè : yon seri zòn ki toujou gen vyolans gang epi  
sitwayen yo lage pou kont yo*

**20 Fevriye 2024**

---

1. Soti jiyè pou rive novanm 2023, Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH) te fè yon ankèt sou fason moun ap viv nan zòn ki toujou gen masak ak atak bandi ak sou konsekans vyolans gen sou lavi yo. Te gen 300 sitwayen fanm kou gason k ap viv nan katye Kafoufèy, Site Solèy ak Bèlè ki te patisipe nan ankèt sila.

2. Rezilta ankèt la moutre konsekans ensekirite a genyen sou moun k ap viv nan zòn sa yo vreman grav. Men kèk pwen ki te atire atansyon RNDDH :

- Sitwayen ayisyen fanm kou gason ap viv anba vyolans bandi chak jou. Gen 98% moun ki di toujou gen vyolans ak zam nan zòn yo kote y ap viv la ; gen 92 % ki viktim anba men bandi. Pami viktim sa yo gen 32% ki gen moun mouri ak 26% fanm ki viktim kadejak. 57% nan viktim yo konnen moun ki te atake yo a. 55% di yo sibi atak nan men bandi k ap viv nan menm katye ak yo.
- Dapre sa plizyè moun ki t ap reponn kesyon ankèt la di, vyolans yo gen anpil move sekèl sikolojik sou yo, pafwa yo santi yo vle pèdi tèt yo, yo anvi fou.
- Dèyè konfli bandi yo gen anpil enterè ki kache. Gen 59% moun ki tap reponn ankèt la ki kwè se pou kontwòl teritwa bandi yo ap goumen. Gen 6% ki panse se pou vanjans oubyen pou lajan ki mal separe bandi yo ap goumen. Gen 7% ki di se paske Leta pa pran responsablite l ki lakoz bandi ap feraye konsa. Gen 26% ki kwè se bandi yo ki konnen rezon ki fè y ap batay la.
- Popilasyon yo pa viv menm jan lè gen lapè ak nan moman gen gè. Gen 89% moun ki te patisipe nan ankèt la ki di lè pa gen afwontman yo ka ale nan aktivite yo san pwoblèm.
- Fanm ak tifi yo toujou nan danje menmsi gen lapè menmsi gen lagè nan zòn yo a. 72% di gen anpil kadejak ki fèt nan moman gè nan lane 2023; Gen 68 % ki di fanm ak tifi viktim kadejak menm lè gen lapè; 94% fè konnen viktim kadejak yo pa ka denonse ni pote plent kont bouwo yo.
- Sitwayen yo kwè li pa posib pou pa gen okenn estrikti leta nan zòn yo. 45% ap viv nan katye ki pa gen menm yon pòs polis ; 84% ap viv nan zòn kote pa gen okenn biwo ofisyè deta sivil; 66% ap viv nan yon katye ki pa menm gen tribinal depè; 80% ap viv nan zòn kote yo pa konnen ankenn zotobre nan leta.
- Vyolasyon dwa fondalnatal yo ak absans sèvis sosyo yo fè moun yo viv nan plis mizè. 79% moun yo abite nan zòn ki gen yon sant sante men yo pa toujou ka

fonksyone akoz bandi; 87% nan moun ki te nan ankèt la di gen lekòl epi 35% lòt di gen lekòl pwofesyonèl men depi gen gè, pòt yo rete fèmen; 75% fè konnen se achte yo achte dlo pou yo sèvi alòske gen 96% ki achte dlo pou bwè; 61% di zòn yo pa gen kouran. Anplis, tout moun yo di se sou fatra ak labou y ap viv nan katye yo.

- Pou moun ki gen ti aktivite y ap mennen pou fè lajan, 64% moun reponn bandi ransonnen ti machann yo ; 69% di bandi yo ransonnen chofè transpò piblik yo ; 75% fè konnen bandi yo distribiye anvlòp pou mande moun nan zòn nan lajan pou achte bal ak manje pou sòlda yo.

3. Nou te rive jwenn enfòmasyon sila yo nan men moun Kafoufèy, Bèlè ak Site Solèy men done yo prezante lavi tout ayisyen k ap viv nan zòn ki toujou gen vyolans bandi ak zam, zòn zotobre nan leta rele teritwa pèdi yo. Yon lòt bò, rezilta ankèt la moutre nan ki kondisyon malouk moun yo ap viv.

4. Jounen jodia, RNDDH kwè lavi moun nan katye sa yo rezime ak vyolans tout kalte tankou vyolans seksyèl; absans otorite leta yo; sitwayen yo pa jwenn okenn sèvis; yo ap viv nan anviwònman ki sal epi dwa yo pa sispann vyole.

5. Devan sitiyasyon sila a, moun ki te patisipe nan ankèt la te pwofite fè rekòmandasyon sa yo:

- Sispann pwoteje bandi yo ;
- Demantle tout gang ki nan Kafoufèy, Site Solèy ak Bèlè epi reprann kontwòl zòn sa yo ;
- Arete, jije epi kondane tout bandi ki pa sispann simen dèy nan mitan popilasyon an ;
- Bay tout viktim yo asistans sikolojik ;
- Pèmèt viktim yo deplase epi akeyi yo nan yon espas sekirize ;
- Netwaye Katye Kafoufèy, Bèlè ak Site Solèy ;
- Mete bon jan kondisyon pou lekòl, sant pwofesyonèl ak sant sante yo louvri ;
- Distribiye dlo ak kouran nan zòn yo.